Ассаламу гIалайкум, Казбекалъул жамагIат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

12+ № 22 (93161)/ 5 июнь 2017 с. /итни 10 Рамазан 1438 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail. ru







## Поздравляем!

Сегодняшний день целиком и полностью посвящен маленьким гражданам нашей необъятной Родины! Они, как никто, нуждаются в нашей защите и поддержке! В этот день хочется пожелать, чтобы ни один ребенок не страдал от ущемления его прав и свободы, чтобы каждый из них имел возможность получить образование и медицинскую помощь, был счастлив и не знал взрослых проблем, а взрослые, в свою очередь, помогали детям осуществлять их мечты и делали их детство по-настоящему счастливым!

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ.*
*Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ.*

---

Дети всегда были и есть самой уязвимой и незащищенной категорией граждан. В современном мире особенно хочется оградить детство от всего разрушающего: от равнодушия и жестокости, от ненужной информации и раннего взросления, от войн и тяжелых болезней. Сегодня, в День защиты детей, давайте вспомним об этом «праве на детство». Только мы, взрослые, можем сделать детство ярким и беззаботным. Пусть каждый ребенок чувствует себя защищенным, нужным, любимым и безгранично счастливым!

*Депутат НС РД М.-п.(К.-п.) УМАХАНОВ.*

---

Нет в мире ничего более важного и ценного, нежели дети и детство. Потому сегодня, как и каждый год, мы и отмечаем День защиты детей, чтобы не забывать об этом. Пусть дети, наши цветы жизни, растут и крепнут день ото дня, а потом приведут нас в светлое будущее.

*Секретарь политсовета ВПП «Единая Россия» Д.Г. МАХАЧЕВ.*

---

Дорогие ребята! От всей души поздравляем вас с Днем защиты детей, с вашим славным праздником детства. Помните, что эта пора безвозвратна, поэтому не спешите скорее вырасти, а успевайте радоваться тому счастью, которым вы сейчас обладаете. Во взрослой жизни вы встретите немало увлекательного и интересного, но детство останется в вашей памяти навсегда.

*Председатель общественной палаты Г.А. АДИЛЬМИРЗАЕВ.*
*Председатель Совета ветеранов Х. М-ХАБИБОВ..*

## День социального работника

Дорогие работники социальных служб! Сегодня, в ваш профессиональный праздник, мы от чистого сердца хотим поблагодарить вас. За ваш самоотверженный труд, за ненормированный день, который не помещается в положенные ему 24 часа. За вашу беспокойную душу, за милосердие и сопереживание, за внимание к обделенным и незащищенным. Спасибо вам за то, что сердце ваше всегда открыто людям. Что для вас нет чужого горя, что проблемы знакомых и незнакомых вам людей вы принимаете, как свои личные. Спасибо за опыт и профессионализм. Так пусть же судьба дарует вам за вашу доброту счастливую семейную жизнь, большую любовь, крепкое здоровье, много-много хороших, светлых лет! Благополучия вам и всем вашим близким! С праздником!

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ.*
*Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ.*

---

Уважаемые социальные работники! Сердечно поздравляю всех вас с профессиональным праздником! Хотя какой там праздник? У вас их не бывает, потому что человеческое участие не знает ни выходных, ни перерывов. Даже в официально установленный для вас день с ваших лиц не сходит выражение тревоги и озабоченности за род людской. Это значит, что вы на своем месте, что ваша работа соответствует вашему призванию, что вы нужны всем нам, а особенно тем, кому плохо и трудно. Пускай же ваша жизнь по максимуму приносит вам радость, а работа – удовлетворение и сознание собственной пользы. С Днем социального работника, друзья!

*Депутат НС РД М.-п.(К.-п.) УМАХАНОВ.*

---

Сегодня ваш профессиональный праздник – День социального работника. Хочется отметить очевидное: вы неслучайно в этой профессии. Потому что отдавать свою заботу людям профессионально и ежедневно сможет не каждый. А у вас это получается искренне и от души. Люди, которым вы помогаете в процессе своей работы, вам благодарны.Хочется, чтобы эта благодарность делала светлее и вашу личную жизнь.

Хочется, чтобы вы сами никогда не столкнулись с одиночеством, нуждой, слабостью или болезнью. Пусть ваш светлый труд дарит радость людям, а жизнь отдает вам этот позитив многократно! Пусть душа ваша всегда, как и сейчас, будет светлой и полной любви!

*Секретарь политсовета ВПП «Единая Россия» Д.Г. МАХАЧЕВ.*

## Активалъул данделъи

Гьаб соналъул 30 маялда администрациялда тIобитIана райактивалъул данделъи.

Гьенив, районалда санитариябгун эпидемиологияб рахъ кинан бугеб ва гьеб рукIалиде ккезабиялъе гьаризе кколел тадбиразул бицун кIалъазе вахъана Роспотребнадзоралъул нилъер районалда вихьизавурав хасав вакил Г1умаров Г1умар АхIмадович.

Хадув,районалъул росаби цIа ккеялдаса цIуниялъе тIоцебесеб иргаялда гьаризе кколел хIалтIабазул бицун кIалъазе вахъана ГО ЧСалъул отделалъе нухмалъулев И.Х. МухIамадов.

Данделъиялде гIахьаллъана районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаев гьесул заместительзаби И.И.Шабазов, И.Б. Салимханов,росабазул администрациязул бутIрул, учреждениябазегун организациябазе нухмалъулел ва цогидалги жавабиял хIалтIухъаби.



Гьениб ХI. Мусаевас гIей гьечIеблъун бихьизабуна кIалъазе рахъарал гьалмагъзабаз гьабураб хIалтIи. АхIана киналго,цадахъ рекъон тIадегIанаб жавабчилъиялда,бичIчIигун,кIваркьун хIалтIи гьабизе.

*«Дие хIажат гьечIо щибго гьабизе бокьуларел чIамучIал хIалтIухъаби. Дие бокьуларо Эсенаев Давудил рукъахъги,Ишаялда тIадги,Буртунаялде унеб нухда росдал рагIалдаги кьищниялъул гохIал рихьизе. Дир ракI унтула Ленинаул росдал кьищни балеб бакIги гьениб рацIа-ракъалъи цIуниялъул гIадлу гьечIолъиги бихьараб мехалда.*

*Дие бокьула дун хIалтIулеб район букIине кинабго рахъалъан цебетIураб. Гьаниб яшав гьабун бугеб халкъалъул букIине берцинаб, бечедаб, рахIатаб гIумру. Бук1инец ебетIураб экономика,тIадегIанаб культура ва щулияб сахлъи. Пачалихъалъ нилъ гьелде ахIулел руго. Росабазул администрациязул бутIрузги буго хIалтIи бича-бихъан тун. Сундаго тIад гьабулеб гьечIо хъаравуллъи.*

*ЧIахIиял тукабазда, автозаправкабазда ва цогидалги объектазда гьечIо цIа ккеялдаса цIуниялъе хIажатал алатал. ТIолабго хIалтIи тун буго Аллагьасде тIамун. «Аллагьас, нужеца гIамал гьабе, нуж шуршуде»,-ян абун малъулеб гIадахъцин босулеб гьечIо. Бокьун буго захIмат бихьичIого рахIат. Щивав хIакимасе цебего заман щун буго хIалтIи кьучIдасанго хисизабизе, жиндасан гьарулел тIалабал ракI бацIц1адго тIуразаризе. Дица нуж тIолалго гьелде ахIулелги руго,Федералиял Республикаялъул, районалъул гIуцIаби рукIа, батIалъи гьечIого»,- ян* кьварун лъазабуна Мусаевас данделъиялда г1ахьаллъаразда.

*ХI. КАРИМОВА.*

---

## Ц1але нужеца «Чапар»!

***Бац1ц1адаб маг1арул мац1,***
***Маг1наяб адабият,***
***Арабги гьанжесебги,***
***Гьеле, дуе бечелъи.***

***Нилъерго г1амал-г1адат,***
***Кици, бицен, махсаро,***
***Хабар гьуинаб «Чапар»,***
***Гьудуллъун кквe кидаго!***




ГIагараб газеталъул божарал гьудулзаби,

# Лицеялда ахирисеб цIумур



ЛъугIана цIалул сон, щвана риидалил каникулал. Школа лъугIун унезе гьеб буго рохелги пашманлъиги цоцалъ жубараб, лъимерлъиялъулгун къо лъикI гьабулеб къо. Амма цIалдохъабазе кьабураб цIумур гьелдалъун къокълъуларо. Цере руго жеги хIалуцарал къоял,кIвар цIикIкIарал экзаменал.

Исана Дилим росдал Пизудин ХIажиевасул цIаралда бугеб лицеялъ къватIиве виччана 46 цIалдохъан. Гьеб ккола 67 выпуск. Цересел соназда букIинчIеб, батIияб чIагольиги цIилъиги букIана исана 25 маялда лицеялда.ТIогьол майданалде свераpaб лицеялъул азбаралъе жеги берцинлъи кьолеб букIана школа лъугIун унел цIалдохъабазул, гьезул классазул руководителал Хамидова ГIайшат Руслановналъул ва Пазаева ПатIимат Башировналъул лицеялъул къадада рарал суратаз

Данделъиялъул г1ахьалчаг1илъун рукIана, районалъул бетIерасул заместитель И.Б. Салимханов,гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьа-



биялъул рахъалъ милициялъул инспектор Мадина Темирбулатова, районалъул культураялъул Централъул методист Рисалат Сурхаева, районалъул лъайкьеялъул управлениялъул (РУО) методист Джамиля ПIабдулахIитова, умумул, мугIалимзаби ва гьалбал. Баркиялъул рагIабаздалъун данделъи рагьана культураялъул Централъул хIалтIухъан Рамазан Гьанищевас.

Данделъиялъул гIахьалчагIаз халатбахъараб хъатчIваялдалъун къабул гьарулел рук1ана ц1арал ах1ун лицеялъул нуц1ихъан кIи-кIи ккун къватIире рачIунел, каранда багIарал лентал рухьарал цIалдохъаби. Бахчун хутIулеб букIинчIо гьезул гьурмазда бугеб пашманлъи. ПIагараб школалъулгун къо-лъикI гьабулеб букIиналъул г1аламат… Амма гьезул пашманлъи нахъе хъамизе гIадин, цере рахъана Хасавюрт шагьаралъул «МугIрузул дандерижи» ансамблялъул кьурдухъаби. Гьезул щибаб номералъ аваданлъи лъугьинабулеб букIана киназулго ракIазе.

ЦIалдохъабаздехун хитIаб гьабун, гьезие нухбитIиялъул лъикIал рагIабигун, ва гIумруялъулъ икъбал батIиялъул гьаригун кIалъазе рахъана районалъул бетIерасул заместитель И.Б.Салимханов, лицеялъул директор Я.Ш. Юсупова, Р.Сурхаева, Дж. ПIабдулахIитова, мугIалимзаби М.Кутараева, Р. Мух1амадова, умумузул рахъалдасан З. Темирбулатова ва М.Ибрагьимова.

Гьенир баркалаялъул рагIабазе мустахIикъаллъун рихьизаруна лицеялъул техничкаби. Гьоркьо-гьоркьор ахIулел кучIдуз, гьарулел кьурдабаз,акробатикиял номераз лъикIаб асар гьабуна данделъиялъул гIахьалчагIазе. Рисалат Сурхаевалъ культураялъул отделалъул рахъаласан, ХIурматалъул грамотаби кьуна лицеялъул директор Я.Ш.Юуповалъе, гьелъул заместитель Н.А. МухIамадовалъе, муг1алим З.Я.Мациевалъе.

Д.ПIабдулахIитовалъ райадминистрациялъул рахъалдасан ХIурматалъул грамотабаздалъун кIодо гьаюна, байбихьул школалъул завуч Н.ХI.ХIажиева, райОНОялъул рахъалдасан мугIалимзаби З.Мутуева ва Б. Айгупова. Байрахъ борхизабизе изну кьуна, цIалдохъаби Адам ХIажиевасе, М-р. Писаевасе, ГI.Темирбулатовасе ва Асх1аб ХIажиевасе.

Исана школа лъугIарал ХI.Асирдиновас, Ш.МухIамадовалъ, лъаялде нух рагьулеб кIул кьуна тIоцебесеб классалъул цIалдохъаби СултанмухIамадов Абубакарихъе ва ХIусенова Фатимахъе.

Ахирисеб цIумур кьабизе рес щвана цIалул отличница меседил медалалъе йихьизаюрай 11 «а» классалъул цIалдохъан Зайгьарат Эмеевалъе,11 «б» классалъул цIалдохъаби ПIали Мажидовасе ва Алия Садыкъаевалъе.

Гьеб тадбиралда кучIдул ахIана ва махщалида данделъи бачана Рамазан Гьанищевас.

*ХI. КАРИМОВА*

Ракьбагъарараддаса — 47 сон

# ГЬадин букIана…

I970 соналъул I4 маялда, ракьбагъариялъул хIасилалда, нилъер районалъул гIадамазде тIаде ккараб къварилъи дида кидаго кIоченаро, щайин абуни, гьеб заманалда росдал советалъул председательлъун дунго вукIиналъги гьеб кинабго къварилъиялъул жаваб дидего тIаде ккеялъги.

Гьеб заманалда,жидерго рукъзабазда жанив чIарав чи къанагIатги вукIинчIо. Халкъ букIана къватIиб,жиде-жидее санагIалъи бугеб бакIги балагьун, гьенибго къайиги чIван. Гьелде тIаде, нахъаса къотIичIого, ралел рукIана цIадал.

РакIалда гьечIого, тIаде бачIараб балагьалде чан чиха хIадур вукIунев? ХIукуматалъ кумек гьабичIебани, иш лъикI букIинчIо. Кумекалъе рачIана доб заманалда СССРалде гьоркьоре унел рукIарал республиказдаса гIадамал. Гьединго, бачIана техника,бакIал раялъе ва яшав гьабиялъе хIажатабщинаб. Гьединаб букIана цебесеб хIукуматалъул низам: къварилъи ккаразухъ балагьулеб, гурхIел-рахIму бугеб. Гьединаб тIалаб-агъаз хIукуматалъул рахъалдасан букIиналъ, халкъалъухъа бажарана, хаслихълъи тIаде щвелелде, жиде-жидер рукъзабазде жанире руссине.

Гьеб заманалда нилъер районалда партиялъул райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун хIалтIулев вукIана ХIажиев ПIабдулатIип. Гьес ракьбагъариялъул хIакъалъул тIехь хъван бугин рагIиндал,дица хъвалел руго доб заманалъул цо-цо ракIалдещвеял. Дие гьаниб бицен гьабизе бокьун буго гьес, жиндирго хIаракаталдалъун, гIуцIараб бакIал раялъул бригадаялъул хIакъалъулъ.

Гьеб бригадаялъе нухмалъи гьаби гьес жиндего тIаде босун букIана.

Цо къоялъ гьес дун тIаде ахIана ва абуна: «Жидее кумек щоларел, херал чагIазул сияхI хIадур гьабе. Метералдасан байбихьун, нилъеда гьезие жанире руссине бегьулел рукъзал(времянкаби) разе руго»,-ян. Дица гьединал гIадамазул сияхI хIадур гьабуна ва, ПIабдулатIипгун цадахъ, ПIашурал (Коро уга) сверуде ана.

Къокъаб заманалда нижер бригадаялъ гьелъие рукъ бана. Хадусан, авалалъул руччабиги данделъун, гьеб рукъ бохьана, маххул печги лъун, гьей, жание яхъинаюна.

Росдал 5-6 херал гIадамазе рукъзал ран кьуна ПIабдулатIипил лебаллъиялда.Хадусан, гIемераб заман гьоркьоб бахъилелде, обкомалъул Бюроялъул данделъиялде унев ПIабдулатIипица дунги цадахъ вачана.

Гьекъолеб лъел бугеб къварилъи тIагIинабиялъе нилъер районалъе биччан букIана 800 азарго гъурущ ва гьеб бачине бихьизабун букIана Ишехаса (Эшехаб). Амма гьеб букIунеб жо гуринги абун, гьелъул суал тIокIалъ борхичIо.Лъимги щвечIо, гIарацги тIагIана. (Гьанжеги гьеб суал борхулеб буго,амма…). Дол соназ ПIабдурахIман Даниялов ( жиндир мунагьал чураяв) хIалтIулев вукIана ДАССРалъул Верховияб Советалъул президиумалъул председательлъун. Гьевги вачIун вукIана нилъер районалде. Щаяли лъаларо, ГI. Данияловаc жамагIат бакIарараб бакIалда ПIабдулатIипида цIехана: «Росдал бегавул кив вугев»,-ан.

Гьес диде квер битIидал, ПIабдурахIманица, дидехунги вуссун, абуна: «Кинал захIмалъаби дандчIвалел ругел»,-ан. Гьединго, нилъер районалде щвана РСФСРалъул Верховнияб Советалъул президиумалъул председатель Г. И. Воронов. Гьес Гебехъалаялдехунги валагьун абуна: «ЦIани хьихьизе лъикIаб бакI буго нужер ракь»,- ан. ЦIани рохьоре риччазе лесхозалъ ихтияр кьоларин абидал, гьев гьимана, ва абуна: «ЦIани рохьалъул санитарал руго»,-ян.

Гьединаб тIалаб - агъаз гьабулаан доб заманалда хIакимзабаз халкъалъул. Халкъгун дандбалаан гьез гьабизесеб хIалтIиги.

Аллагьас лъикIаб хъван батаги ва бихьугеги нилъеда додинаб къварилъи.

*ЗахIматалъул ветеран Х. МУХIАМАДОВ, Дилим росу.*

# Гуниялда цIа ккана



Гьаб соналъул 29 маялда 16 сагIатгун 20 минуталда цIа рекIана Гуни росдал СПКялъул миналда(контора). Гьеб свинабизе байбихьана росдал гIадамаз.

Жиндирго машинаялъ лъим баччана Дадаев Адилсултаница,трактористал: Шамсудинов ПIабдузагьирица, ХIамзатханов Абубакарица, Дадаев Мух1амадил,Абакаров Ханпашал,Зубайриев Г1абдурах1манил ва Шейхов Муслимил малъиялда цIа свинабиялда жигарчилъи бихьизабуна гIолилал: ПIабдулаев Камалица, Нугъаев Муслимица, МагIазов Муслимица,Исламов ТIагьирица.

ГIумруялъе бугеб хIинкъиялде балагьичIого цIа рекIараб рукъоре жаниреги лъугьун СПКялъул гIемерал соназ цIунараб архив хвасар гьабуна МухIамадов РурахIмаца ва Дадаев Ах1мадица. Гьенир нахъе къан чIечIо руччабиги. Султанбекова Умисатида цадахъ цебе батараб цIа-рагIиялъ Исламова Зарипатил ва Байбулатова Аминатил гъуяздаса лъим баччулел рукIана гьел тIубанго цIа свинегIан.

Хехаб ахIиялъухъе тIаде щвана Хасавюрталдаса ПIабдулкаримов ПIабдулкаримил, Дилималдаса Абубакаров Камилил бетIерлъиялда цIа свинабулезул къукъаби.

Райадминистрациялъул бетIерасул заместитель И.С. Салимханов, ГО ЧСалъул отделалъе нухмалъулев И.Х. МухIамадовасги ва ОВДялъул начальник А.ХI. Халидовасги гьабуна гьениб жигараб г1ахьаллъи.

Гьезул, ва тIолабго росдал жамагIаталъул кумекалдалъун цIаялъул балагьалдаса хвасар гьаруна Султанбеков Султанбекил, Дадаев Сулайманил, Писаев Эльмирзал ва гьеб авалалда ругел цогидазулги мина-свераби.

Гьеб тIабигIаяб балагьалъул хIасилалда тIубанго бухIана контора, росдал клуб ва лъим бачинелъун 1,5 милионалде росдал администрациялъ росун рукIарал пластмассалъул мащабазул 8 км.

Гьеб цIадул балагьалде дандекъеркьарал тIолалго росуцоязул цIарал рехсезе дир хIал кIвеларо, нуж дида тIаса лъугьа.

Баркала буго росдал руководствоялъул, жамагIаталъул рахъалдасан, гьеб ишалъулъе гIахьаллъаралщиназе.

Аллагь разилъаги нужеда. ЦIунаги нуж, тIаде рачIунел балагьаздаса. Къабулаблъун батаги гьениб Султанбегов Султанбегицаги цогидазги гьабураб садакъа. Хваразул рухIазеги щваги, чIагоязул хIетIе-кверазда цебеги чIаги, рачIунел балагьал нахъ чIваалеблъунги гьабеги Аллагьас.

*Б. УМАЛХIАТОВА, Гуни росу.*

# Об изменениях в Законе

Законом Республики Дагестан от 5 мая 2017 года №31 «О внесении изменений в статью 2 Закона Республики Дагестан «О социальной поддержке жертв политических репрессий» внесены изменения в Закон Республики Дагеста н от 29 декабря 2004 года №57 «О социальной поддержке жертв политических репрессий».

В частности, вышеуказанным законом предусмотрено исключение из числа граждан, имеющих право на меры социальной поддержки по оплате жилого помещения и коммунальных услуг, совместно проживающих членов семей реабилитированных и признанными пострадавшими от политических репрессий, граждан.

Назначение ежемесячной денежной выплаты по оплате жилья и коммунальных услуг (ЕДВ по ЖКУ) жертвам политических репрессий отныне будет назначаться **без учета совместно проживающих с ними членов семьи.** Напоминаем, что это касалось снижения для реабилитированных лиц и совместно с ними проживающих членов их семей на 50 процентов размера оплаты коммунальных услуг (водоснабжение, водоотведение, вывоз бытовых и других отходов, газ, электрическая и тепловая энергия) в домах всех форм собственности в пределах нормативов потребления указанных услуг, установленных в Республике Дагестан, а также стоимости топлива, приобретаемого в пределах норм, установленных для продажи населению, проживающему в домах без центрального отопления, и транспортных услуг для доставки этого топлива.

**Этот закон вступает в силу с 23 мая 2017 года.**

***Управление социальной защиты населения в МР «Казбековский район».***

# Надзорно-профилактическая операция «Отдых-2017»

Отдел надзорной деятельности и профилактической работы по г. Хасавюрт, Хасавюртовскому, Новолакскому и Казбековскому районам УНД и ПР ГУ МЧС России по Республике Дагестан доводит до сведения, что в соответствии с Поручением Правительства Российской Федерации, а также указания Главного управления МЧС России по Республике Дагестан в период с апреля по сентябрь 2017 года на территории г. Хасавюрт, Хасавюртовского, Новолакского и Казбековского районов проводится надзорно-профилактическая операция «Отдых - 2017». В период данной операции будут проводиться надзорно-профилактические мероприятия, направленные на повышение пожарной безопасности объектов летнего отдыха и оздоровления детей и летнего отдыха граждан, в том числе проведение плановых (внеплановых) выездных проверок за противопожарным состоянием объектов отдыха с привлечением заинтересованных организаций.

В случае обнаружения пожара или появления запаха дыма необходимо немедленно сообщить в пожарную охрану по единому номеру экстренных оперативных служб «**112**», с мобильных операторов Билайн, Мегафон и МТС - «**101**», при этом принять меры по эвакуации людей и тушению пожара имеющимися средствами пожаротушения.

**Телефон «горячей линии»: ГУ МЧС России по РД: 8(8722) 39-99-99.**
***ОНД и ПР 8 по г. Хасавюрт, Хасавюртовскому, Новолакскому и Казбековскому районам УНД и ПР ГУ МЧС России по РД.***

# В МФЦ можно вернуть часть суммы при покупке объекта недвижимости

Налоговый имущественный вычет – это сумма, уменьшающая размер дохода с которого взимается налог. Заработная плата, которую получает человек, является лишь 87% от того, что он реально заработал. То есть, 13% из общей суммы работодатель уплачивает за своего сотрудника в качестве налога на доходы физических лиц. Как раз эту сумму в 13% гражданин имеет право вернуть в определенных случаях. В частности, при покупке объекта недвижимости.

В случае, если человек купил недвижимость стоимостью в 2 млн. рублей, то он может претендовать на возвращение ему лишь 260 тысяч рублей, но не более той суммы, которую он успел уплатить в качестве подоходного налога.

В центрах «Мои Документы» предусмотрена услуга, которая позволяет провести операцию по имущественному вычету. Для того, чтобы оформить услугу, вам необходимо обратиться в МФЦ со следующими документами:

1. Паспорт
2. Справка 2 - НДФЛ (за соответствующий год)
3. Правоустанавливающие документы на недвижимость.
4. Чек об оплате стоимости объекта недвижимости.

Стоит отметить, что имущественный вычет можно провести на приобретение объекта недвижимости или земельных участков, при погашении по целевым займам или при погашение и процентов по кредитам, полученным в российских банках.

Более подробную информацию по услуге вы можете узнать в МФЦ (указать контактный номер филиала).

# В МФЦ Дагестана можно зарегистрировать ГБО

Подать документы на регистрацию газобаллонного оборудования теперь можно в любом многофункциональном центре республики. Обратившись в центр госуслуг, автовладелец, может подать заявку на проведение предварительной технической экспертизы автомобиля и установки ГБО.

Полученное заключение и другие документы сотрудники МФЦ в электронном виде направляют в подразделение ГИБДД МВД по РД. МФЦ выдает автовладельцу уведомление о постановке в очередь, где указано точное времени прохождения процедуры регистрации транспортного средства. Такая форма регистрации позволит водителям сэкономить время и оформить документы на газовое оборудование без лишней беготни.

Напомним, что недавно из-за регистрационного хаоса водители маршруток отказались выходить на работу. Они не успевали зарегистрировать ГБО за отведенное время, поэтому штрафы от инспекторов ГИБДД стали увеличиваться.

Для получения услуги «Подготовка документов для регистрации газобаллонного оборудования на транспортном средстве (ГБО)» в МФЦ могут обратиться как водители легковых, так и грузовых авто.

Более подробную информацию по услуге вы можете узнать в МФЦ(указать контактный номер филиала)

## Платить за коммунальные услуги через терминалы МФЦ – быстро, удобно и надежно.

С помощью терминалов, расположенных в МФЦ, можно за считанные минуты провести оплату за газ, свет, мусор и другие коммунальные услуги. Вы можете это сделать самостоятельно или с помощью специалиста центра. Принцип операции прост:

- Выбираете из перечня нужный пункт оплаты;
- Набираете во всплывшем окне номер лицевого счета;
- Вводите показания счетчика;
- Вносите сумму задолженности, нажимаете кнопку «Оплатить».

Кроме коммунальных услуг, через терминалы можно оплатить все виды налогов, штрафы ГИБДД, госпошлины и ряд других платежей. Более подробную информацию можно узнать по номеру (указать контактный номер филиала).

## Разведение костров и выжигание сухой растительности под запретом

Практически всегда природные пожары происходят по вине человека. Весной, когда снег полностью сошел, а свежей растительности еще нет, сухая трава может легко воспламениться от оставленного без присмотра костра, непотушенной сигареты или случайно брошенной спички. Вероятность перехода огня на населенные пункты весьма высока.

В соответствии с Правилами противопожарного режима, утвержденными постановлением Правительства РФ от 25 апреля 2012 года №390 выжигание сухой травянистой растительности, стерни, пожнивных остатков на землях сельскохозяйственного назначения и землях запаса, разведение костров на полях ЗАПРЕЩЕНО!



За нарушение требований пожарной безопасности предусмотрена административная ответственность в соответствии с частью 1 ст. 20.4 КоАП РФ «Нарушение требований пожарной безопасности»: предупреждение или наложение административного штрафа на граждан в размере от одной тысячи до одной тысячи пятисот рублей; на должностных лиц - от шести тысяч до пятнадцати тысяч рублей; на юридических лиц - от ста пятидесяти тысяч до двухсот тысяч рублей.

Те же действия, совершенные в условиях особого противопожарного режима (часть 2 ст. 20.4 КоАП РФ), влекут наложение административного штрафа на граждан в размере от двух тысяч до четырех тысяч рублей; на должностных лиц от пятнадцати тысяч до тридцати тысяч рублей; на юридических лиц - от четырехсот тысяч до пятисот тысяч рублей.

***Отдел надзорной деятельности и профилактической работы №8 УНД иПР МЧС России поРД.***




День прощания с детством, так, наверное, можно назвать последний звонок. Каждый взрослый помнит торжественную линейку, нарядных выпускников и немного растерянных родителей, которым трудно поверить, что их дети уже взрослые. Для 18 выпускников МКОУ «Калининаульская СОШ имени Героя России М.М. Гайирханова» праздник последнего звонка особый день Одиннадцать лет быстро пролетели. Позади множество больших и маленьких событий, из которых складывалась жизнь выпускников. Праздник открыла и вела Корголоева М.Б., учитель русского языка и лит-ры. Она поздравила всех присутствующих с праздником и представила гостей, пришедших разделить радостный и волнующий момент дня.Виновников торжества вместе с классным руководителем Герехановой С.Б. пригласили занять свое почетное место. Присутствующие аплодисментами приветствовали выпускников. Все ребята нарядные, красивые. У всех огромные букеты цветов, которые впоследствии они подарят своим любимым учителям. Звучит гимн Российской Федерации. Директор школы-Корголоева Зумрут Саидалиевна, зачитывает приказ о допуске к итоговой аттестации. Она отметила, что все выпускники допущены к государственным экзаменам. Директор школы поприветствовала выпускников и отметила, что для ребят это не только праздничный, но и трогательный день. Ведь вместе с последним звонком у них начинается новая жизнь. Тепло и сердечно поздравил выпускников уполномоченный администрации МО «Казбековский район» на праздник председатель Собрания депутатов района Гирисханов Г. В этот торжественный день выпускников поздравили: глава администрации СП «с. Калининаул» Гаджиев Г.С., начальник МКОУ «ИМЦ» Ябузарова З. и другие почётные гости праздника. Много теплых слов, интересных пожеланий в адрес ребят высказали первые учителя выпускников Омарова П.М., Расулова Ж.Б. От имени родителей слова благодарности педколлективу и напутствия выпускникам выразила Насрулаева П. А. Тепло поздравили выпускников и первоклассники - будущие выпускники 2027 года. Выпускники 49 выпуска школы передали символический ключ знаний учащимся 10 классов. На празднике пели песни, читали стихи, демонстрировались оригинальные номера. Со словами признательности и благодарности к учителям, родителям выступили выпускники. И вот прозвенел последний школьный звонок для выпускников Калининаульской школы. Заключительным аккордом для школьной жизни 18 выпускников стал этот звонок. В добрый путь, выпускники!

*К.Р. МАХМУДОВ, член Союза журналистов России.*

---

# *Прокуратура извещает...*

Прокуратура Казбековского района утвердила обвинительный акт по уголовному делу в отношении Руслана Хасанханова.

Он обвиняется в совершении преступления, предусмотренного ст. 264.1 УК РФ (управление автомобилем лицом, находящимся в состоянии опьянения, и имеющим судимость за совершения аналогичного преступления).

13.04.2017 г. на посту КПП 22 Д «Аркабаш» ОМВД РФ по Казбековскому району сотрудником полиции было остановлено транспортное средство, ВАЗ- 2106 под управлением Хасанханова Р. М. в состоянии опьянения.

В ходе проверки установлено, что гр. Хасанханов Р.М., не имея права на управление транспортным средством, будучи в нетрезвом состоянии , управлял автомашиной.

22.12. 2016 года он уже был осужден по ст. 264.1 УК РФ, за управление транспортным средством в нетрезвом состоянии.

Уголовное дело прокуратура направила в Казбековский мировой суд для рассмотрения по существу.

*Прокурор района, старший советник юстиции М.М. ХАЛИЛОВ.*

---

# Информация

В связи с проведением 3 июня 2017 года на территории Казбековского района оперативно-профилактического мероприятия «Уступи дорогу!», направленное на профилактику и недопущение дорожно-транспортных происшествий с участием пешеходов, а также в целях активизации работы по выявлению и пресечению правонарушений, связанных с нарушением правил дорожного движения, как проезда перекрестков и пешеходных переходов на территории Казбековского, предлагаем Вам принять участие в данном мероприятии.

В связи с проведением 2 июня 2017 года на территории Казбековского района оперативно-профилактического мероприятия «Маршрутка», направленное на профилактику и недопущение дорожно-транспортных происшествий с участием пассажирского транспорта, стабилизацию ситуации в данной сфере деятельности, а также в целях активизации работы по выявлению и пресечению правонарушений, связанных с нарушением правил перевозки пассажиров и грузов пассажирским транспортом на территории Казбековского, предлагаем Вам принять участие в данном мероприятии.

*Начальник ОМВД, полковник полиции А.Г. ХАЛИДОВ.*

---

## *ООО «Газпром Межрегионгаз Махачкала», в связи с окончанием отопительного сезона 2016-2017 г.г., напоминает о необходимости своевременной оплаты за поставленный природный газ*

Предупреждаем абонентов компании, что в случае несвоевременной и (или) неполной платы за потребленный природный газ поставщик согласно законодательству начинает процесс взыскания задолженности в судебном порядке, а при неоплате или неполной оплате в течение 2 расчетных периодов подряд, поставщик газа вправе в одностороннем порядке приостановить поставку газа в соответствии с п. 45 Постановления РФ от 21.07. 2008 г. № 549. При этом, расходы должников возрастут на сумму начисленных пени согласно Жилищному кодексу РФ (п. 14 ст. 155), госпошлины и стоимости расходов на возобновление газоснабжения.

*По вопросам оплаты обращайтесь по тел.: 8 -872 -792-15-44.*

---

# *ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» извещает…*

Учитывая интересы потребителей газа, в ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» функционирует «горячая линия», по которой абоненты могут получить консультацию по вопросам газопотребления, оплаты газа, сообщить о фактах неправомерных действий сотрудников газовых служб или высказать свои претензии по качеству обслуживания клиентов Общества.

Данный канал связи позволит улучшить качество обслуживания.

В интересах потребителей газа в компании усилена информационно - разъяснительная работа в республиканских и районных средствах массовой информации, разрабатываются и будут реализованы совместные мероприятия с администрациями муниципальных образований Дагестана.

*Номера «горячей линии» абонентов - потребителей газа в Дагестане.*
*Билайн 8 - 906 - 448 - 00 - 74, Мегафон 8-928-058 -19-54.*
*ПРЕСС-СЛУЖБА ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала».*




**Номера «горячей линии» для абонентов - потребителей газа в Дагестане.**

**Билайн 8- (906) -448 -00 -74**

**Мегафон 8- (928)- 058 -19- 54**

---

# Действия при угрозе совершения террористического акта

Всегда контролируйте ситуацию вокруг себя, особенно когда находитесь на объектах транспорта, культурно-развлекательных, спортивных и торговых центрах. При обнаружении забытых вещей, не трогая их, сообщите об этом водителю, сотрудникам объекта, службы безопасности, органов полиции. Не пытайтесь заглянуть внутрь подозрительного пакета, коробки, иного предмета. Не подбирайте бесхозных вещей, как бы привлекательно они не выглядели. В них могут быть закамуфлированы взрывные устройства (в банках из-под пива, сотовых телефонах и т.п.). Не пинайте на улице предметы, лежащие на земле. Если вдруг началась активизация сил безопасности и правоохранительных органов, не проявляйте любопытства, идите в другую сторону), но не бегом, чтобы Вас не приняли за противника. При взрыве или начале стрельбы немедленно падайте на землю, лучше под прикрытие (бордюр, торговую палатку, машину и т.п.). Для большей безопасности накройте голову руками. Случайно узнав о готовящемся теракте, немедленно сообщите об этом в правоохранительные органы. Если вам стало известно о готовящемся или совершенном преступлении, немедленно сообщите об **этом по телефону: 554871 - администрация МР «Казбековский район» и 994822 - дежурная часть ОМВД РФ по Казбековскому району, по мобильному телефону.**

*Антитеррористическая комиссия в МР «Казбековский район».*

## Париза Гереевалъул юбилей

**Кинабго рекъон буго, бакъулаб дунялалда,**
**ТIад кIалъазе бакI гьечIо, рикIкIун кьурал къоязда.**
**Къварилъиялда цадахъ, квер ккун рохел букIуна.**
**Рогьалил хъахIлъи хисун, сардил бецIлъи бачIуна….**




Гьединал рагIабаздалъун байбихьун букIана нилъер районалъул Хубар росулъа машгьурай шагIир Париза Гереевалъул «Дир хIасраталъул цIва» абураб тIоцебесеб кучIдузул тIехь къватIибе бачIиналда бан тIобитIараб данделъи.

Гьаб соналъул 23 маялда Хасавюрт шагьаралда тIобитIана Париза Гереевалъулункъабилеб тIехь къватIибе биччаялда хурхараб рохалилаб данделъи. ТIадехун рехсарал шагIиралъул рагIаби ритIухъ гьарулеб, сардил бецIлъи гвангъизабулеб, кинабго рекъараб, тIад кIалъазе бакI гьечIеб, щивасул рекIелъ гъваридаб лъалкI тараблъун лъугьана Паризал юбилеялъулаб сордо. Гьенире рачIун рукIана «ХIакъикъат» газеталъул бетIерав редактор, Россиялъул Федерациялъул журналистазул союзалъул секретарь Пали Камалов, гьесул заместитель Зикрула Ильясов, редакциялъул хIалтIухъан хъвадарухъан Шамай Хъазанбиева.

Хасавюрт шагьаралъул администрациялъул ишал тIуралев ХIажияв МухIамадов, Хасавюрт шагьаралъул МВДялъул ветераназул советалъул председатель Дагъистаналъул халкъияв бахIарчи Зайнула Пумаров, шагьаралда лъабго батIияб мацIалда цолъизабураб «Гьудуллъи» газеталъул бетIерав редактор М-расул ШайихмухIамадов, Гумбет районалдаса шагIир ГIиса Шарабудинов, Казбек районалъул бетIерасул заместитель Икрамудин Салимханов, райадминистрациялъул жавабиял хIалтIухъаби Даци Зубайриев, Падукав Базаев, Нурпаша Абакаров, «Чапар»газеталъул хIалтIухъаби рикIкIен гIемерал гьалбал, росабазулгун районазул вакилзаби.

Паризада юбилей баркун кIалъазе рахъана тIадехун рехсарал киналго гьалмагъзаби, гьелъул тIоцевесев мугIалим Хубар росулъа ХI-мурад Абакаров, росдал бегавул Б.Беркиханов, С.ГIабдуразакъова, Дилим росдал лицеялъул мугIалим С.Пейзулаев, нилъер районцоял С.СалихIов, Н. Алмахъский, П. Айтемирова, У.ХIажиева, М-шарип ГIабдулашимов, Ю.Джаватханов ва гIемерал гьудул-гьалмагъзаби.

Гьел киназулго рагIабазулъ бихьулеб букIана шагIиралде гьелъул асаразде бугеб рокьи. Гьез Паризае гьарана кинабго лъикIабщинаб,гьуналъе борхалъи, пагьмуялъе цIубай ва гьелъул махщалие кьуна тIадегIанаб къимат. Париза кIодо гьаюна къиматал сайгъатаздалъун, ХIурматалъул грамотабаздалъун, Баркалаялъул кагътаздалъун, тIогьол квацIабаздалъун ва «За ратную доблесть» абураб медалалдалъун.

Данделъи берцин гьабун букIана Хасавюрт шагьаралъул «МугIрузул дандерижи» ансамблялъул кьурдабаз, Казбекалъул «Арбабаш» ансамблялъул ясазул цererахъиназ, М.ГIабдулгIазизовалъ, М.ХIайбулаевас, А. ИсмагIиловас, Р. Имамирзаевас, Ш.Ханакаевас, гьитIинав С.Имамирзаевас ва цогидазги ахIулел кучIдуз.

Данделъиялъул ахиралда Париза Гереевалъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна гьенир гIахьаллъи гьабурал тIолазего, гьеб сухIмат гIуцIизе кумек гьабурал Хасавюрт шагьаралъул администрациялъе, Казбек районалъе, Дагъистан Республикаялъул культураялъул министерствоялъе, хъвадарухъабазул Союзалъе.

Тадбир нухда бачана Казбек районалъул культураялъул Централъул г1олохъанав хIалтIухъан МухIамад Дудуевас.

*ХI. КАРИМОВА.*

## Баркала



МахIачхъала шагьаралъул №I-аб. больницаялда практалогиялъул отделениялъул заведующийлъун хIалтIулев вуго Шамильский районалдаса хирург ГIабдулаев Шамиль ГIабдулкъадирович.

Гьаб соналъул апрель моцIалда ниж вацал Дилималдаса Юсуповал ГIабдуразакъ ва МухIамадхIабиб цере-хадур ккана гьесухъе операцияби гьаризе.

Шамилица операциябиги гьарун ниж рукъоре тIад руссана сах-саламатго.

Нижее гурониги гьес операцияби гьарун ругоан нилъер районалдаса гIемерал чагIазе. Гьелги руго сах-саламатго.

Баркала кIудияб нижер рахъалдасан, гьев ракIбацIц1адав инсан, унго-унгояв магIарулав, лъикIав махщелчи Шамил ГIабдулаевасе нижер гIумру хвасар гьабуралъухъ.

*ГIАБДУРАЗАКЪОВАЗУЛ ХЪИЗАН, Дилим росу.*

## ГIи-боцIи гочинабулеб буго



Берцинго хаселги нухда тIамун гьал къоязда байбихьана мугIрузде гIи гочинабизе. Гьаб соналъ нилъер районалъул магIишатиял бутIабаз авлахъаздаса мугIрузде гочинабизе буго 70 азаргоялде гIагарун гIи-боцIи.

Дагьал церегIан къояз росдал магIишаталъул управлениялъе нухмалъулев Палиев Залимханги бетIерав зоотехник ГIабдулмуслимовги щвана гъутабазде. Халгьабуна гIи-боцIи гочинабиялъе хIажатал шартIал чIезарун ругищан.

Халгьабиялде росун руго профилактическиял хIалтIаби гьари ва гIи-боцIи чуриялъул суал.

Гьаб соналъ, «БагIараб октябрь» СПКлъ I2-азарго «Къасумовасул ва Хасаевасул» цIаралда бугеб СПКялъ-I3 азарго гIи-цIани мугIрузде гочинаризе руго.

ГIи-боцIи мугIрузде гочаралго авлахъалги рагIи-хералъе цIунизе руго.

*А. ГIАБДУЛМУСЛИМОВ, бетIерав зоотехник.*

### Щивго кIочон гьечIо

## Паша ГIабдулаев

Гьавуна 1905 соналъ ИчкIа росулъ. Гьев ВатIанияб рагъде витIана 1942 соналъ.

ГьитIинав сержант ГIабдулаевас хъулухъ гьабуна 212 кьвагьдохъабазул дивизиялъул 365 полкалда. Паша вукIана отделениялъул командирасул хъулухъалда. Орел шагьаралда гIагарда (1943сон) гьесул отделениялъ асир гьаруна 6 немцав,жинцаго гьес асирлъуде восана 2 немцав.

Гьебго соналъул 13 августалда гьев лъукъана. Рагъда бихьизабураб хIинкъи -къай гьечIолъиялъухъ Паша кIодо гьавуна «БахIарчилъиялъе гIоло» медалалдалъун. П.ГIабдулаев хвана 1993 соналъ. Вукъун вуго Гъизилюрт шагьаралда.

Нижеца, Хасавюрт шагьаралъул агроколледжалъул ТОКСалъул члеnaз, Орелалъул музеялде хъван буго Пашал рагъулаб гIумруялъул баян кьолеб материал гьениб батани, нижехъе щвезабеян.

*Б.ХАЛИЛУЛАЕВ, Хасавюрт шагьар.*

### КIудияб Бергьенлъиялъ-72 сон!

## РагIине биччаге рагъул гъугъай



ХIамидова Адипат гьаюна 1933 соналъ Алмахъ росулъ.«Дир эмен вукIана мугIалим. Якъинго лъала гьев рагъде унеб заман. Ункъо класс лъугIун хадуй, дун цIализе инчIо. ХIалтIизе байбихьараб заманги дида ракIалда гьечIо, гьитIинго лъугьана дун захIматалъул нухде.

Гьединаб мехалъ кинаб лъимерлъиха бихьилеб? ТIадвуссинчIо рагъдаса эмен. Гумруялъулъ дандчIварал захIмалъабазул рахас халатаб буго ва гьезул бицине хIал кIоларо. Бихьана ратIликолъи, ракъи-къеч, амма кинабго хIехьана.

1951 соналъ дицаги рагъул гIахьалчи ХIамидов Расулицаги гIуцIана хъизан. Гьев вукIана гIисинал классазул мугIалим. Нижеца гIезаруна ва гIумрудул нухда тIоритIана 6 васги 3 ясги. Щиб абилеб ва гьабилеб, къисматалда рази гьечIолъи загьир гьабунин абун, гьеб хисуларо. Дун рази йиго Аллагьас кьураб гIумруялда ва тIолабго гIумруялъ дун БетIергьанасде гьардолей йиго рагъул гъугъай нилъер наслабазда рагIине биччагеян.

«Аллагьас лъикIаб хъван батаги»,-ян лъугIизабуна Адипатица жиндирго пашманаб хабар.

*Н.РАСУЛОВА, Алмахъ росу.*

**Ват1анияб рагъул соназда 2 даражаялъул Ват1анияб рагъул орденалъе мустах1икълъаразул сиях1:**

**Буртунай**
Г1абдуев Х1амзат
Г1абидов Мухтар
Г1адиев Мух1амад
Г1алимух1амадов Т1алх1ат
Алумирзаев Мух1амад
Г1алисулт1анов Иразихан
Х1ажиев Мух1амадбег
Асланханов Арсанбег
Х1асанханов Г1али
Дациев Насрула
Ихиев Х1асан
Лабазанов Х1амзат
Индирбиев Башир
Мух1амадов Ах1мад
Мух1амадов Сайидах1мад
Медиев батырхан
Утарбиев Ибрагьим
Х1айбулаев Гъазих1ма
Темиев Сурхай
Хайрулаев Башир
Юсупов Х1абиб
Ахгубеков Мух1амад
Сурхаев Камиль

**Гъозтала**
Абакаров Х1ажих1ма

**Гуни**
Базаев Къурбанг1али
Дьяконов Василий
Х1асанов Шарип
Муслимов Вагьид
Нугъаев Иба
Мильков Евгений
Зубайриев Асадула
Г1исаев Г1иса
Инзиеа Г1али
Мах1алиев Мух1амад
Мух1амадов Аха
Мух1амадов Джамалдин
Мильков Александнр
Мильков Евстафий
Булачов Г1алисултан
Хутиев Цорхи
Хъарамирзаев Хамагилав
Чикирбая Александр
Коростелов Сергей
Эшба Тамара

**Дилим**
Абух1анипаев Идрис
Адачов Садрудин
Г1алибулатов Давуд
Г1алижанов Девлетгерей
Г1алиукъаев Г1алиукъа
Г1алиханов Г1умахан
Х1ажиев Г1абдурах1ман
Х1ажиев Исамудин
Х1ажиев Мух1амад
Гъайирбеков Г1узайри
Асиров Г1абдукъадир
Посикъов Пахрудин
Мах1амаева Юлия
Мух1амадов Г1абдулгъапур
Мух1амадх1абибов Г1алисултан
Сагитов Абакар
Саг1идов Рашид
Темирбулатов Мансур
Темирбулатов Халид
Хайрулаев Рурах1ма
Шарабудинов Ансарияв
Колбасов Мух1амад
Къурбанов Расул
Идрисов Дада

**Алмахъ**
Халидов Х1анапи
Мансуров Мух1амадкамиль
Мурадисов Нуг1ман
Нажуев Разакъ
Дадаев Муртазг1али
Юсупов Шарабодин
Харсмух1амадов Мух1амад

**Хубар**
Г1абдулат1ипов Мух1амад
Г1абдусаламов Басир
Айдемиров Г1абдузагьир
Г1алиев Мирза
Г1алиев Г1умар
Х1асанов Г1алихан
Санбулатов Сайдула
Х1амидов Забит

**Калининаул**
Г1абдулах1ажиев Х1ажимух1амад
Адамшиев Хуту
Гагаев Г1алимшайих
Гъазиев Гъази
Дудаев Г1абдуллах1ит
Динаев Мухтар
Мирзаханов Хайрудин
Г1умаров Висарби
Халимбеков Расул
Шамсудинов Жамалдин
Чичильбиев Исх1акъ

**Гертма**
Мух1амадмирзаев Муса
Мирзаханов Мух1амадг1али
Салих1ов Чикамир

**Г1аркьухъ**
Г1алиев Мух1амад
Х1ажиев Чалаби
Мух1амадов Г1абдурах1ман

**Ичк1а**
Ильясов Х1адис

**Ленинаул**
Асланханов Нидирбег
Закариев Зайнудин
Мут1ачов Х1амзат
Мужаитов Г1алиасх1аб
Мусавузов Зикрула
Мусаитов Гъайирхан
Давудов Исрап
Даврбегов Муса
Далиев Зайнудин
Досвиев Хамирза
Исмаилов Ярагъи
Джамалов Нажмудин
Мух1амадх1абибов М-х1абиб
Мехтиханов Лала
Бибулатов Мух1амад
Будайханов Эльмирза
Вазирханов Юсуп
Г1умаров М-гъази
Идрисов Нуг1ман
Атаев Исрапиль

**Гъал рагъул г1ахьалчаг1азул ц1арал нижеца рехсолел руго архивалда ругел баяназда рекъон. Нужеда лъалел хиса – басиял ратани, гьарула ах1еян гьаб номералде: 8 988 202 11 08.**

*М.Г1. ЧУПАЛАЕВ.*

*СПОРТ*

# Вольная борьба

23-24 мая в г. Кизляр прошел зональное первенство Дагестана по вольной борьбе среди юношей 2001-2002 года рождения.

На этих соревнованиях приняло участие около 180 борцов из северной зоны Дагестана. Целью соревнований было, выявление лучших борцов этих годов рождения для участия в финале первенства Дагестана.



Успешно на этих соревнованиях выступили воспитанники МДЮСШ им.Азаева М.М.

**Абдулаев Али - 35 кг. – III м.**
**Дуруев Ибрагим - 35 кг. - III м.**
**Качалаев Шамиль - 38 кг.- IIIм.**
**Насрулаев Арслан - 42 кг.- IIIм.**
**Ильясов Магомед - 46 кг.-IIIм.**
**Насрулаев Ислам - 54 кг. - I м.**
**М-хабибов Абдулхамид - 69 кг. – II м.**

Все они были награждены кубками, медалями и Почетными грамотами. Они также получили право выступить в финале первенства Дагестана, который пройдёт в середине июля с.Урада Шамильского района.

*Н. АЛИУКАЕВ, Дилим .*

# Хъвалел руго диҵа...

«Чапар» газеталъул божарай гьудул, шагӀир, захӀматалъул ветеран, штаталда гьечӀей мухбир, ИчкӀа росулъа Асият Идрисовалъ сайгъат гьарулел руго нилъер районалъул «цӀваби» машгьурал шагӀирзаби: Раисат Закарьяевалъе, Париза Гереевалъе ва гӀемерал цогидазеги, гьал коч1ол мухъал:

**Ясал нужер кучӀдул цӀалулел мехалъ,**
**Пашманлъи тӀагӀуна гӀишкъу бергьуна.**
**Гьай аманин абун ракӀалъги ахӀун,**
**Пандрида кӀутӀула магӀарулаца.**

**МагӀарул шигӀраби, магӀарул кучӀдул,**
**ГӀасрабаца хъварал нахъеги тарал.**
**БегӀераб къалмица хъахӀаб кагътида,**
**Хъварал нужер кучӀдул, камиллъи гьезул.**

**Нужеца рехсолеб гӀумрудул къисмат,**
**Къарилъи - гӀатӀилъи, рохел-пашманлъи.**
**ЦӀалулел мехаца магӀна гъваридал,**
**АхӀулел рагӀани хӀасрат унел.**

**Рокьула цӀализе магӀарул харбал**
**Гъваридго ракӀалда чӀолеб поэма.**
**Пашманлъи тӀагӀунел бакънал рокьула,**
**Бакънazул устарас къватӀир ричалел.**

**Къимат тӀадегӀанал кучӀдул рокьула,**
**МугӀрулгун кьурабаз такрар гьаризе.**
**Тоге туснахъ гьарун, риччай къватӀире,**
**Къимат тӀадегӀанал рекӀел шигӀраби.**

**Унеб нух кӀочонге, толеб рекӀелъ кквей,**
**ЛъугӀел гьечӀеб сапар свак лъалареб нух.**
**Сардил макъу гуреб къад рахӀат гьечӀеб,**
**Гьунар бугин, Бичас, нужее кьураб.**

*Асият ИДРИСОВА, ИчкӀа росу*

Социалияб рахъалъ г1адамал ц1униялъул управлениялъ гъваридаб пашманлъиялда зигара балеб буго **Назаева Жамилатида** эмен

**Х1осен**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.
Алжан насиб гьабун батаги гьесие.

*БетӀерав редактор: Мухтар Чупалаев тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь: МухӀамадшарип ГӀабдулашимов*

*Мухбирзаби: ХӀалимат Каримова Сапият СултанмухӀамадова*
*Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХӀайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхӀажиева*
*Типографиялъул адрес: г. Хасавюрт, ООО "Типография №4". Ул. Мусаева 42*

*Учредитель: администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул адрес: 368141 РД, Казбековский район, с. Дылым.*
*Индекс: № 51354*
*Заказ № 83 Тираж 1550*

*Газета зарегистрирована в Управлении ФСН по РД 19.05.2014г. ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хӀужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*